

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Tatakrama nyaéta aturan sagemblengna tina perilaku adat kabiasaan manusa anu sopan di lingkunganana (Suryalaga 2019). Ari tatakrama sarua hartina jeung étikét, sopan santun, adab dina kahirupan sapopoé manusa. Nurutkeun Shaula & Hasyim (2017) tatakrama ogé kabiasaan sopan santun anu geus disapukan di lingkungan pergaulan manusa.

Di lingkungan sapopoé, tatakrama basa kacida pisan pentingna. Ieu tatakrama téh masih kénéh dianggep hal anu biasa tapi teu dilarapkeun dina prakna anu antukna dina undak-usuk basana ogé teu sakabéhna digunakeun, padahal undak-usuk basa téh hiji sistim kagunaan ragam basa Sunda lemes, sedeng, jeung kasar anu aya dina kahirupan nyata. Nurutkeun Juliani Rani spk., (2023) undak-usuk basa miboga kesinambungan jeung sopan santun atawa tata cara ngagunakeun basa dina komunikasi, hal ieu miboga tujuan pikeun silih hormat jeung silih ajénan ka sasama dina kahirupan masarakat.

Nurutkeun Nugraha (2017) dina mekarna jaman ngagunakeun tatakrama basa Sunda geus ngaleungit sabada ayana akulturasi budaya anu gancang asupna. Akulturasi budaya ieu disababkeun lobana suku atawa bangsa séjén anu cicing di tatar Sunda anu antukna tatakrama basa Sunda geus gampang kapangaruhan. Nurutkeun Sudaryat (2011) Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung réa, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna di indonésia sabada basa jawa. Di masarakat ayeuna basa Sunda geus jarang pisan digunakeun malahan aya anu sabagéan masarakatna anu dicampur antara basa Sunda jeung basa Indonésia atawa sok disebut interférénsi basa, hal ieu disababkeun asupna unsur basa séjén ka bahasa anu keur digunakeun.

Dina tatakrama basa Sunda kudu dilarapkeun kana kahirupan sapopoé ti budak nepi ka rumaja. Nurutkeun Subli M (2022) sopan santun atawa tatakrama lumaku

keur sakabéh jalma, boh lalaki atawa awéwé boh nu kolot atawa nu ngora, nepi ka barudak. Patalina tatakrama basa Sunda dina pangajaran mangrupa salahsahiji matéri dina kurikulum merdeka di sakola SMP anu ngaguar ngeunaan tatakrama dina kahirupan sapopoé boh éta di imah atawa di luar imah.

Dina pangajaran tatakrama basa Sunda ieu, dumasar kana matéri anu ngagambarkeun urang salaku masarakat anu ngagunakeun tatakrama basa Sunda dina kahirupan sapopoé, aya hiji modél anu bisa dilarapkeun dina kagiatan diajar di sakola dimana modél ieu matalikeun antara matéri jeung kahirupan dunya nyata. Kulantaran kitu, siswa dipihareup miboga pangaweruh ngeunaan tatakrama basa Sunda anu satuluyna bisa dilarapkeun dina kahirupanana, ditilik dina Capaian Pembelajaranna (CP) Basa Sunda fase D sacara umum, aya sawatara anu kudu dihontal ku siswa nyaéta

Peserta didik secara umum memiliki kemampuan berbahasa Sunda untuk berkomunikasi dan bernalar sesuai dengan tujuan, konteks social, dan akademis. Peserta didik mampu memahami, mengolah, dan menginterpretasi informasi paparan tentang topik yang beragam dan karya sastra. Peserta didik mampu berpartisipasi aktif dalam diskusi, mempresentasikan, dan menanggapi informasi dari penyajian teks fiksi dan nonfiksi, sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda. Peserta didik mampu menulis berbagai teks dengan lebih struktur untuk menyampaikan pengamatan dan pengalamannya serta menuliskan tanggapannya terhadap paparan dan bacaan menggunakan pengalaman dan pengetahuannya. Peserta didik mampu membaca dan menulis kalimat sederhana yang menggunakan aksara sunda. (Kemendikbudristek BSKAP, 2022)

Ku ayana pangajaran tatakrama basa Sunda, dipiharep siswa bisa maham, aktif dina diskusi kana pangajaran tatakrama basa Sunda sarta saluyu jeung udaganana boh tina struktur, aspék kabasaan jeung capaian pembelajaran nu aya.

Anapon kitu, dina lumangsungna pangajaran tangtuna aya pasualan di sakola, utamana dina modél pangajaranna. Dumasar kana pangalaman dina kagiatan P3K salila tilu bulan di SMPN 15 Bandung, katitén yén nalika guru ngajelaskeun matéri boh éta pangajaran basa Sunda atawa pangajaran séjénna, rata-rata guru masih kénéh ngagunakeun modél ceramah sangkan siswa maham kana matéri. Pasualan didieu modél anu digunakeun kurang ngirut kana minat siswa anu antukna siswa bisa ngarasa bosen jeung horéam dina diajarna, tina rasa horéam ieu ngalantarankeun kurang maksimalna siswa maham kana matéri. Tangtuna dibutuhkeun hiji modél anu ngirut sangkan siswa sumanget dina diajarna, salah

Rendy Tresna Kusmana, 2024

MODEL CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING (CTL) DINA PANGAJARAN TATAKRAMA BASA SUNDA (STUDI KUASI ÉKSPERIMEN KA SISWA KELAS VII-1 SMPN 15 BANDUNG TAUN AJAR 2023/2024)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

sahiji modél anu éféktif pikeun ngungkulan ieu pasualan téh nyaéta modél *contextual teaching and learning* (CTL).

Nurutkeun Komalasari (2015) pangajaran kontéktual mangrupa pamarekan pangajaran anu ngaitkeun antara matéri anu diajar jeung kahirupan nyata siswa sapopoé, boh di lingkungan kulawargana, sakola, masarakat atawa warga nagara, tujuanna pikeun menangeun makna matéri pikeun kahirupanna. Dina modél CTL ieu bisa ningkatkeun hasil diajar siswa kana tilu ranah pendidikan nyaéta kognitif, aféktif, jeung *psikomotorik*. Numana nurutkeun E.B.Jhonson (dina Pendidikan spk., 2019) aya sababaraha alesan geunaan pentingna modél pangajaran CTL. Kahiji, pangajaran CTL saluyu jeung nurani manusa anu sok haus kana makna. Kadua, CTL mantuan otak manusa pikeun ngahubungkeun informasi anyar ku pangaweruh anyar sarta ngarangsang struktur otak dina ngaréspon lingkungan. Katilu, CTL luyu ku cara alami nyaéta sacara kontéktual nu hartina diajar ngaluarkeun poténsi dina diri siswa sacara alamiah.

Aya sawatara hal anu jadi kaonjoyan tina modél CTL. Nurutkeun Rijal (2015) nétélakeun yén dina pangajaran CTL paripolahna diwangun ku kasadaran diri sorangan sarta pangaweruh anu dipiboga ku diri sorangan sok ningkat saluyu jeung pangalamanna. Dina hasil panalungtikan ku Nafisah (2024) modél Contextual Teaching and Learning mangaruhan pisan sacara signifikan kana motivasi diajar sarta dina kamandirian diajar dina pangajaran bahasa Inggris. Lian ti kaonjoyana, kahéngkérana dina modél CTL. Nurutkeun Sepriady (2018) dina milih informasi atawa matéri di kelas di dasaran kana kabutuhan siswa, sabab di kelas miboga tingkatan kamampuh anu béda-béda.

Aya sawatara panalungtikan ogé anu ngagunakeun modél CTL anu kaasup kana pangajaran basa atawa pangajaran sacara umum. Anapon panaluntikanna nyaéta :

Panalungtikan ku Siti Meila Rahmawati dkk, dina artikel Jurnal Pendidikan dan Pembelajaran anu miboga judul “ Meningkatkan Kemampuan Berpikir Kritis Siswa Melalui Model Contextual Teaching and Learning: Quasi-Eksperimen. Hasl tina ieu panalungtikan téh modél CTL miboga dampak anu signifikan dina kamampuh mikir kritis siswa.

Panalungtikan ku Tuti Nurochmah dina Jurnal Penelitian dan Pengabdian Kepada Masyarakat anu judulna “ Meningkatkan Hasil Belajar Peserta Didik Pada Mata Pelajaran Bahasa Inggris Menggunakan *Model Contextual Teaching And Learning* di SMP Negeri 11 Kota Bogor. Hasil tina pangajaran basa Inggris di kelas VIII sabada ngagunakeun modél CTL rata-rata hasil diajarna ningkat tibatan saméméh ngagunakeun modél CTL.

Panalungtikan ku Lisana Sidkin A’liyya dina skripsina anu judulna “ Pengaruh basa indung kana tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 SMPN 1 Bandung Taun Ajaran 2016/2017. Hasilna tatakrama basa Sunda siswa kelas 8-8 dumasar kana kaweruhna umumna kagolong sedeng anu lobana (36,7%), sésana kagolong kurang (30%), kagolong alus aya (26,7%). Kagolong alus pisan (3,3%).

Dina panalungtikan ieu penting pisan pikeun ékspérimén ngeunaan modél pangajaran anu éféktif tur kréatif pikeun ngaronjatkeun kamampuh diajar siswa. Panalungtikan ieu dipiharep bisa ngalengkepan sarta nambahan pangaweruh dina mekarkeun modél pangajaran ieu sarta pikeun ngungkulan pasualan-pasualan anu aya di akademis. Sanajan aya bébédana dina matéri, nilik tina sawatara panalungtikan di luhur yén modél CTL téh aya hasilna. Boh dina pangajaran anu aya patalina jeung kabahasaan boh séjénna. Komo deui dina pangajaran basa Sunda. Kukituna ieu panalungtikan kalawan jejer ” *Modél Contextual Teaching and Learning (CTL)* dina pangajaran tatakrama basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-1 SMPN 15 Bandung Taun Ajar 2023/2024)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar tina idéntifikasi panalungtikan, kapaluruh aya sababaraha pasualan-pasualan anu karandapan, diantarana nyaéta: kurangna pangaweruh siswa dina tatakrama basa Sunda, kurangna kabiasaan maké tatakrama basa Sunda jeung kurang ngirutna modél pangajaran di sakola nu antukna siswa jadi jenuh dina di ajar sarta teu nyangkem kana matéri nu ditepikeun.

Salian ti éta, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun pangaweruh dina ngagunakeun modél CTL kana pangajaran tatakrama basa Sunda ka siswa Kelas VII-1 SMPN 15 Bandung Taun Ajar 2023/2024.

Dumasar kana watesan masalah di luhur, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya di handap:

- a. Kumaha kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran CTL?
- b. Kumaha kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran CTL?
- c. Naha aya bédana anu signifikan atawa henteu antara kamampuh pangajaran tatakrama basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran CTL?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ieu di wincik jadi dua nyaéta, tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipidangkeun sacara umum, miboga tujuan pikeun nguji modél CTL Dina pangajaran tatakrama basa Sunda siswa.

1.3.2 Tujuan husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun

- a. Kamampuh siswa ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran CTL
- b. Kamampuh siswa ngagunakeun tatakrama basa Sunda siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran CTL jeung
- c. bédana antara kamampuh siswa ngagunakeun tatakrama basa Sunda saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran CTL.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan ieu diwincik jadi dua nyaéta sacara téoritis jeung sacara praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat Tioritis anu dipihareup dina ieu panalungtikan nyaéta :

- a. Pikeun ngeuyeuban modél pangajaran dina basa Sunda anu dipaké dina pangajaran tatakrama basa Sunda di kelas VII SMPN atawa Swasta.
- b. Pikeun nyangking pamahaman dina pangajaran tatakrama basa Sunda siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- a. Pikeun Guru, sangkan bisa jadi bahan ajar atawa cara alternatif pikeun ngagunakeun modél pangajaran anu inovatif jeung éféktif dina pangajaran basa Sunda, tur nyangking gambaran ngeunaan kamampuh siswa dina tatakrama basa Sunda.
- b. Pikeun siswa, sangkan bisa nambahan élmu pangaweruh jeung pangalaman diajar siswa dina ngagunakeun modél pangajaran CTL hususna dina matéri tatakrama basa Sunda jeung maham sarta bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina diajar basa Sunda.
- c. Pikeun panalungtik, sangkan bisa ngeuyeuban leuwih teleb tur méré pangaweruh anu hadé ngeunaan modél pangajaran CTL jeung bisa dijadikeun dadasar nalika ngajar pikeun kahareupna ku panalungtik sangkan leuwih variatif, inovatif jeung kréatif.

1.4.3 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun kalawan sistematis kabagi jadi 5 Bab, aya Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I I mangrupa bubuka anu eusina ngawengku kana kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan boh tujuan umum atawa tujuan husus, jeung panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung praktis sarta, pamungkas aya raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan tiori anu ngawengku kana panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis, dina ulikan téorina ngawengku téori modél *Contextual Teaching and Learning*, léngkah-léngkah, kahéngkérangan jeung kaonjoyan, sarta ngabahas ngeunaan tatakrama basa Sunda

Bab III métode panalungtikan, anu eusina aya desain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnikngumpulkeun data, instrumén data, jeung téhnik analisis data

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan jeung pedaran, anu ngawengku ngeunaan hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan tatakrama basa Sunda siswa saméméh jeung sabada di kelas anu ngagunakeun modél *contextual teaching and learning*, uji sifat data anu ngawengku uji normalitas, uji hipotésis jeung pedaran hasil panalungtikan.

Bab V mangrupa kacindekan, anu ngaguar kacindekan hasil tina panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun.